Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет
## Гумбет районалъул газета

№ 40 (6501) 22 август 2016 с. Итни ЗулкъагIида 1437 с. Багьа 5 гъур.

КЪАБУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

## МугIалимзабазул къадар ва даража рорхизариялъул суал

### Гумбет районалъул Собраниялъул депутатазул 29-абилеб данделъи

**Гумбет районалда тIобитIана районалъул Собраниялъул депутатазул 29 абилеб данделъи. Гьенир гIахьаллъана райсобраниялъул депутатал, росабазул поселениязул бутIрул, школазул, ясли-ахазул, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел.**

Гьоркьор лъун рукIана 2016 – 17 цIалул соналде районалъул лъайкьеялъул учреждениял хIадурлъиялъул бугеб хIалалъул, Гумбет районалъул бюджеталда хиса-басиял гьариялъул, районалъул Собраниялъул председателасул ишал тIуралев ва гьесул заместитель вищиялъул хIакъалъулъ суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан доклад гьабуна Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас.** ТIасан кIалъазе рахъана Килалъ гIаммаб лъайкьеялъул школалъул нухмалъулев **СагIидбег ГIузаиров,** Гьарадирихъ гIаммаб лъайкьеялъул школалъул нухмалъулев **ХIассан ГIалихIажиев,** районалъул Собраниялъул депутат, районалъул жамгIияб палатаялъул нухмалъулев **АхIмаднаби ГIалимирзаев.**

Ахиралда хIасилалъулаб кIалъай гьабурав «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев



**ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас** абуна:

«Лъайкьеялъул учреждениял цIияб цIалул соналде хIадурлъиялъул бицунаго, данделъиялда рехсана учительзабазул къадар гIураб гьечIолъиялда тIадеги, гIолеб гIелалъе лъайкьеялъул даража гIодобе кколеб букIиналъул хIакъалъулъ. Лъайкьеялъул хIалтIухъабазда гьоркьор руго гьеб хIалтIи бачине бажарулелги. Школазул нухмалъулез тадбирал гьаризе ккела щуго соналда жаниб цо нухалъниги учительзаби лъай борхизабиялъул курсазде ритIизе. Гьеби курсал гьарулеб бакIалда цIар хъван тIадруссине гуреб, лъай борхизабун рачIинелъун. Жиндирго лъай борхизабиялде щивав мугIалимасги кIвар кьезе хIажат буго. Жалго жидедаго тIад мугIалималги хIалтIани, школазул нухмалъулезги жавабчилъи борхизабуни, хIасил лъикIаб кьола.

КIиабилеб суалалда хурхун, районалъул бюджеталда гьарулел ругел хиса-басиязул бицана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **РурухIма Халидовас**.

Лъабабилеб суал гьоркьоб лъолаго, киналго депутатал разилъун, Гумбет районалъул Собраниялъул председателасул ишал тIуралевлъун депутат **Барти Астимиров,** гьесул заместительлъун депутат **Юсуп МухIамадов** рищана.

Гьоркьоб лъураб тIоцебесеб суалалда хурхун къабул гьабуна гIатIидаб хIукму, киналго депутатаз рахъ ккуна районалъул бюджеталда гьарурал хиса-басиязулги.

**Къурмагъиз ХIадисова**

ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА…

## ГIолохъанаб гIелалъе шартIал гIуцIулел руго

### Гумбет районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъи

**Гумбет районалъул администрациялъул иргадулаб данделъи тIобитIана 18 августалда. ГIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал АхIмад Сулайманов, Малик Маликов, РурухIма Халидов, росабазул поселениязул бутIрул, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел ва цогидалги.**



Данделъиялда гьоркьоб лъуна «Гумбет районалда 2016 соналда Пачалихъияб гIолилазул политика гIумруялде бахъинабиялъул хIисабкьей» абураб суал. Гьеб суалалда тIасан доклад гьабуна районалъул культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель **НурмухIамад МухIамадовас.**

+Хадур кIалъазе рахъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Малик Маликов, «Село Тлярата» росдал поселениялъул бетIер **Анвар Залумханов,** МелъелтIа лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул нухмалъулев **Барти Астимиров.**

Ахиралда къабул гьабуна гIолилазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIи хадубккунги гIуцIакъан тIобитIиялде балагьараб хIукмуги.

**Къурмагъиз ХIадисова**

АНТИТЕРРОР. ИСЛАМ – РАКЪЛИЛАБ ДИН

## ТIоцебесеб ва 18 сентябралде хIадурлъи

### Терроризмалда дандечIараб комиссиялъул данделъи

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировасул нухмалъиялда, 18 августалда тIобитIана терроризмалда дандечIараб комиссиялъул данделъи.**

Данделъиялда гIахьаллъана Гумбет районалъул гIадлунизам цIуниялъул органазул нухмалъулел, росабазул поселениязул бутIрул, рищиязул участковиял комиссиязул членал ва цогидалги тIаде къабул гьарурал.

Данделъи рагьана терроризмалда дандечIараб районалъул комиссиялъул председатель ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас.

Гьоркьоб лъун букIана Лъаязул къоялъ - тIоцебесеб сентябралда ва Россиялъул Федерациялъул Пачалихъияб Думаялдеги Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялдеги депутатал рищулеб къо – 18 сентябралда хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул хIакъалъулъ суал.

ТIоцебесеб сентябралда школазда ва рищиязде хIадурлъулеб заманалда, гьел тIоритIулеб къоялъ хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе тIуразе кколел хIалтIабазул баян къуна,

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:

Басриябги цIуне, цIиябги цебе баче

-2 гьум.



Нелинейные процессы в химии...

-3 стр.



ТАРИХ

## 22 август – Россиялъул Федерациялъул Пачалихъияб байрахъалъул къо

**Россиялда щибаб соналъул 22 августалда кIодо гьабула Россиялъул Федерациялъул пачалихъияб байрахъалъул къо. Гьеб чIезабуна 1994 соналъул 20 августалда Россиялъул Федерациялъул Президентасул № 1714 Указалдалъун.**

1991 соналъул 22 августалда Москваялда «ХъахIаб рукъалъул» тIад борхана лъабго батIияб кьераялъул байрахъ, нилъгун квартIаялъул гIаламатгун букIараб багIараб байрахъги хисун. Гьеб къоялъ РСФСРалъул Верховный Советалъул сессиялда хIукму гьабуна хъахIаб, хъахIилаб, багIараб, чIва бугеб байрахъ Россиялъул хасаб миллияб байрахъалъун рикIкIине.

ТIоцебе хъахIаб – хъахIилаб – багIараб чIваби ругеб байрахъ борхун букIана Алексей Михайловичас ханлъи гьабулеб заманалда «Щум» абураб рагъулаб гамаялда, Голландиялъул инженер Давид Бутлерица 1668 соналъ.

ХъахIаб кьералъ – жахIдалъи хIусуд гьечIолъиялъул, къадру букIиналъул, хъахIилалъ – ракIбацIцIалъиялъул, багIаралъ – хIинкъи гьечIолъиялъул ва гIаданлъиялъул гIаламатал загьир гьарула.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## Басриябги цIуне, цIиябги цебе баче

### Генералияб планал хIадуриялъул суалал дандрана

**«Интеграциялъулал технологиял» НВЦялъул ООО-Оялъул фирмаялъул директорасул заместитель Роман Руколеев ва гьеб фирмаялъул цогидал вакилзаби дандчIвана «Сельсовет “Мехельтинский”», «Сельсовет “Аргванинский”», «Село Тлярата» росабазул поселениязул бутIрулгун.**



Дандеруссиналда гIахьаллъана районалъул архитектор **ХIажимурад АхIмаднабиев.**

Росабазул администрациязул бутIруз ва районалъул архитекторас гIумруялде рахьинарурал хIалтIабазул халги гьабун, генералияб планал хIадуриялъулъ ругел гIолел, гIоларел рахьазул бицана гьениб. ХIажимурад АхIмаднабиевас бицана 2015 соналъул декабрь моцIалъго проектал рахъулез бакIалде щун, киналъулго халгьабунин. Киб щиб бакI базе бугебали бихьизабун, проект бахъулез цереккунисел баянал архитектурасухъе ва росабазул бегавулзабахъе кьун ругин, гьелъ генералияб планазде хиса-басияб росизеги гIуцIа-къан проектал хIадуризеги рес кьезе бугин.

ДандчIвай лъугIун хадуб фирмаялъул вакилзаби къабул гьаруна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас** ва абуна районалъул росабазул поселениязул генералияб планал хIадури хехлъизабуни лъикIаб букIинаанин.

**«Гумбет» РИО**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ




## ТIоцебесеб ва 18 сентябралде хIадурлъи

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)** гьел тадбирал гIуцIа-къан тIоритIиялда хурхун церечIарал масъалабазул бицана Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулев **Расул Лабазановас,** районалъул прокурор **МухIамад МухIамадовас,** граждански об обороналъул ва гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул отделалъул нухмалъулев **ГIабдурахIман Дайтмирзаевас,** районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас.** Рищиязде гьабун бугеб хIадурлъиялъул, гьел тIоритIиялъул низамалъул, жидеца рищулез гьаракь кьезе бугел, участковияб комиссиял хIалтIулел кабинетал жиндир заманалда къачIаялъул бугеб кIвараълъул хIакъалъулъ ва цогидалги суалал рорхун кIалъай гьабуна территориалияб рищиязул комиссиялъул нухмалъулев **ГIабдулмажид Амагаевас.**

Терроризмалда дандечIараб комиссиялда гьоркьоб лъураб суалалдасан къабул гьабуна гIатIидаб хIукмуги.

Гьелдаса хадуб росабазул поселениязул бутIрулги гIахьаллъун, гьоркьоб лъуна Гумбеталда налогал ракIариялъул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ суал. Ракьул, буголъиялъул ва цогидалги налогал ракIариялъулъ цо-цо росабалъ ругел гIунгутIабазе критика гьабун, гьел ракIарун къокъаб заманалда лъугIизаризе кколин бегавулзабазда цере масъалабиги лъун, кIалъазе рахьана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель **РурухIма Халидов.**

**Къурмагьиз ХIадисова**

ПИКРУ

## Гъесда гIадамал ратун, гIадамазда гьев ватун

### ЧIиркъатIа школалъул директорасул хIалтIул хасльи

**Педагог абураб рагIи бачIун буго грек мацIалдаса. Гьелъул магIна ккола «лъималгун вукIунев чи» абураб. Щаялиго рагIиялъул гьеб магIна бачIуна ракIалде ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул директор МухIамадов МухIамад ГIалиевич вихьидал. Кидаго гьев вихьизе бегьула школалдаги гьелъул азбаралдаги лъималгун, гьезда хIалтIи - пиша малъулев, гьелгун гара-чIварулев, мальа-хъваял гьарулев, гIодове виччан насихIатал гьарулев.**

Лъималги кIваркьун гIенеккулагьесухъ. Цо-цо умумуз абула, жидехъцин гIенеккуларел квердаса батIалъарал лъимал гьесухъ цIакъ гIенеккулин, гьесул тIалаб гьез гьоркь толарин жиндица МухIамад ГIалиевичасе кьураб рагIи букIанин, гьеб хвезе тезе жинда кIоларин.

Учительзабазги адаб гьабула гьесул. Гьабиларебги кинха. Гьев цогидалгIадин вагъдоларо, ахIдоларо. ГIакьилго бичIчIизабула школалда жанив хIалтIи гьабуларев, гьеб бажарулarev чигун жив рекъезе гьечIевлъи. Цинги гьес мальараб гьабичIого рес букIунаро. Дун гьитIинаб мехалъ школалъул директорзабилъун рукIунаан гьекьола-кванала рукIунел, бащдалги жидерго дарсалги кьоларел, инарачIина рукIунел гIадамал. Нижер директор гьединав гьечIо. Гьев кидаго нижгун вукIуна, нагагь цониги учитель кватIани я вачIинчIони, гьесул дарсал хвезе течIого жинцаго кьола, гьелъие рес кьола гьес жиндихъго гIемерал дарсал тун гьечIолъиялъги. Баллалги гьес жиндиего лъун гьечIин бицана школалъул халгьабизе вачIарав чияс, цогидал школазул директорзабаз жидеего 5-6 балл лъолеб мехалъ. ГIемерисеб мехалъ нижер директор школалда жиндирго гIезегIан чIухIараб ва къачIараб кабинеталъув гурев, учительскаялъув, нижгун цадахъ вукIуна. Абизе ккола гьеб учительскаяги ахираб заманалда нижее кIиабилеб рукъ лъун лъугьун бугин. Гьединаб буго нижер росдал школалъул коллектив, гьединав вуго нижер школалъул директор.

**МухIамад Муртазаев,
ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим**

ХАЛКЪАЛЪУЛ ТIАЛАБАЛДА. ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

## Школалде рачарал лъималазе – пачалихъияб кумек

### Документал МФЦялдеги кьезе бегьула

**ГIемер лъимал ругел ва дагьго хьезарурал хъизабаздаса тIоцебесеб классалда цIализе рачарал лъималазе цIарац кьола гIадамал социалияб рахъалъ цIуниялъул управлениялдасан. «Гумбет» газеталда (№ 36, 25 июль) гьелъул хIакъалъулъ ва хIадуризе кколел документазул хIакъалъулъ баян кьун, бахъун букIана «ТIоцебесеб классалде рачаразе – 2000 гъурущ» абураб макъалаги.**

Гьеб гIарац щвезе рес бугел гIемерфункциялъулаб централъул «Дир документал» пачалихъияб хъулухъалъул Гумбеталъул филиалалде рачIине бегьула. Пачалихъалдасан гьединаб кумек щвей пайдаяб иш буго, дагьго хьезарурал ва лъабго яги лъабгоялдаса цIикIкIун лъимер бугел хъизабазе. Школалде цадахъго тIоцебесеб классалде чанго лъимер унеб хъизамалъе гьеб гIарац щибалъе жинди-жиндиего кьола.




2000 гъурущ тIоцебесеб классалде бачараб лъимералъе кьезе яги инкар гьабизе хIукму гIадамал социалияб рахъалъ цIуниялъул управлениялъ гьабула.

ГIемерфункциялъулаб централъул Гумбеталъул филиалалде кьезе ккола гьал хадур рехсарал документал:

умумузул, яги лъимер хьихьизе бачаразул паспортазул копиял, хъизаналъе щолеб гIарцул къадар бихьизабун гIарза, тIоцебесеб классалде бачараб лъимер гьабиялъул хIакъалъулъ свидетельство, умумулгун, яги хьихьизе бачаралгун гьеб лъимер букIин баян гьабулеб справка, лъимер гьаб соналъ школалда тIоцебесеб классалда цIализе бачанин справка, умумузе яги лъимер хьихьизе бачаразе щолеб харжил гьел хIалтIулеб бакIалдаса справка, 2000 гъурущ банкалде рехизе реквизитал рихьизарураб кагъат.

**МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиал**

УЧЕНЫЕ СТРАНЫ СОЛНЦА. ПЛАТОНЫ И НЕВТОНЫ ГУМБЕТА

# Нелинейные процессы в химии…

### Штрихи к портрету доктора химических наук, профессора Ухумаали Магомедбекова

**Магомедбеков Ухумаали Гаджиевич родился 1946 году в селении Тлярата Гумбетовского района. В 1969 году окончил Химический факультет Московского государственного университета им. М.В. Ломоносова, аспирантуру при кафедре физической химии МГУ М.В. Ломоносова в 1972 г.; с февраля 1973 г. по октябрь 1978 г. ассистент, старший преподаватель кафедры общей химии Дагестанского государственного университета, с октября 1978 г. по февраль 1993 г. доцент, заведующий кафедрой общей химии, декан биолого-химического факультета Чечено-Ингушского госуниверситета; с февраля 1993 г. - доцент, профессор, заведующий кафедрой общей и неорганической химии, 2008 - 14 гг-проректор по кадровой политике и филиалам, 2014 г. - советник при ректорате Дагестанского госуниверситета.**

Ученая степень кандидата химических наук присуждена диссертационным советом Химического факультета Московского государственного университета им. М.В. Ломоносова в 1975 г.; ученая степень доктора химических наук на основе защиты диссертации в диссертационном совете по химическим наукам при МГУ им. М.В. Ломоносова присуждена ВАК Минобразования РФ в 2002 г.

Ученое звание доцента по кафедре общей химии присвоено ВАК СССР в 1980 г., ученое звание профессора по кафедре общей и неорганической химии присвоено Министерством образования РФ в 2003 г.

Стаж научно-педагогической деятельности составляет 43 года.

Доктор химических наук, профессор Ухумаали Магомедбеков - известный специалист в области самоорганизации в химических системах и талантливый педагог. Его работы по колебательным химическим реакциям в гомогенной среде имеют фундаментальный характер. Им открыт новый класс автоколебательных окислительно-восстановительных



химических реакций в жидкофазной среде, разработана методология исследования колебательных химических процессов и динамического хаоса, включающая Фурье-преобразование и реконструкция временных рядов с определением размерностей фазового пространства и аттрактора, анализ причин возникновения критических явлений в виде химических осцилляций методами неравновесной термодинамики нелинейных процессов и математического моделирования. Он является руководителем научно-исследовательской лаборатории «Нелинейные процессы в химии» и руководителем научно-исследовательской работы по направлению «Самоорганизация и образование диссипативных структур при гомогенном окислении биосубстратов». В мире и стране исследования в этом направлении находятся на стадии разработки, и полученные результаты являются пионерскими; исследования поддержаны грантами Российского фонда фундаментальных исследований (гранты 94-03-09149, 04-03- 32416, 06-03-96621 р_юг, 09-03-96526-р_юг_а)

Прикладные работы Магомедбекова в области экологии и ресурссосберегающих технологий поддержаны программами Министерства образования РФ «Мониторинг загрязнения нефтепродуктами Каспийского шельфа и внедрение современных технологий по обезвреживанию экотоксикантов» и «Разработка и внедрение в производство новой ресурсо - и энергосберегающей технологии получения этанола из топинамбура».

Результаты исследований регулярно публикуются в научных журналах: им опубликовано более 220 работ, в том числе одна монография, сделано более 100 докладов на Всесоюзных, Российских и Международных конференциях.

Ухумаали Магомедбеков является высококвалифицированным педагогом: он в течение 35 лет читает общий курс «Неорганическая химия» для студентов специальности «Химия», ведет занятия со студентами, специализирующимися на кафедре общей и неорганической химии. Им организована специализация «Неорганическая химия», разработаны курсы «Бионеорганическая химия», «Современные проблемы неорганической химии»; под его руководством создана авторская программа курса «Самоорганизация в химии и химической технологии» и им разработан по этой программе курс лекций; в соответствии с Государственными образовательными стандартами им составлены учебные планы бакалавриата и магистратуры по направлению «Химия» и специальности «Преподаватель химии»; является соавтором четырех учебных пособий.

Под руководством Ухумаали Магомедбекова защищены 11 кандидатских диссертаций (в том числе сотрудниками Чеченского госуниверситета и Грозненского нефтяного института) и более 110 дипломных работ; в настоящее время является консультантом двух докторантов и научным руководителем трех аспирантов. Работа, выполняемая под его руководством, поддержана грантом Президента РФ для государственной поддержки молодых российских ученых (грант МК-2628.2006.3).

Магомедбеков постоянно ведет большую организационную работу. В 2002 - 08 гг. в ДГУ им организованы две Международных и шесть Всероссийских научных конференций, по современным проблемам химической науки и образования; является председателем жюри региональных студенческих олимпиад по общей и неорганической химии, а также председателем жюри республиканской олимпиады школьников по химии; член редколлегии ряда сборников научных трудов. Его ученики заняли первое место на первой Международной студенческой олимпиаде ассоциации университетов Прикаспийских государств. Он член трех диссертационных советов и ученых советов Дагестанского государственного университета и ряда факультетов.

Ему присвоено почетное звание «Заслуженный деятель науки Республики Дагестан», он отмечен Почетной Грамотой Верховного Совета Чечено-Ингушской Республики, Серебряной медалью ВДНХ, нагрудным знаком «Почетный работник высшего профессионального образования РФ.

Ученый совет Дагестанского государственного университета постановил выдвинуть кандидатуру доктора химических наук, профессора, Заслуженного деятеля науки РД на присвоение почетного звания «Заслуженный деятель науки Российской Федерации».

**Али Омаргаджиев, директор Ингишинской средней школы Гумбетовского района**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

# 1770 цIалдохъан

### Школал 2016-2017 цIалул сональде хIадур руго

**ГIагарлъулеб буго школаз жидерго нуцIби рагьулеб заман. ЦIияб цIалул соналде Гумбет районалъул лъайкьеялъул учреждениял гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул халгьабуна анкьго чиясдасан гIуцIараб комиссиялъ, (комиссиялъул председатель районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Сулайманов). «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъан дандчIвана Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул бетIерав специалист Сурхай Сурхаевгун.**

**- Сурхай, нуж щварал школазда кинаб хIадурлъи гьабун батараб цIияб цIалул соналде? Гьезие ремонталъулал хIалтIабазе гIарцулал сурсатал риччан рукIанищ? ЦIияб цIалул соналда кинавниги чан цIалдохъан школазда цIализе вугев?**

- 2016 – 2017 цIалул соналда районалъул школазда партабазда нахъа гIодов чIезе вуго 1770 цIалдохъан, гьездасан тIоцебесеб классалде вачунев 185. Ясли-ахазда тарбия кьезе буго 700 гIанасеб лъимералъе.

Лъайкьеялъул учреждениязда классазда гIодоб бахун буго лажбар, хъахI гьарун руго къадал. Гьел хIалтIабазе райадминистрациялъ биччан букIана цо миллионгин 412 азарго гъурущ. Ясли-ахазе биччана гIисибикъинаб ремонталъе 380 азарго гъурущ. МелъелтIа «Бакъ» ясли-ахалъе капиталияб ремонт гьабизе биччана цо миллионгин 200 азарго гъурущ.

**- Школал цIа ккеялдаса цIуни мурадалда гьарурал тадбирал ругищ?**



- Руго. Гьелъие лъайкьеялъул учреждениял харж гьабун буго 230 азарго гъурущ. Киналго школазда токалъул кваразул мухъал къачIан руго. Лъун руго сигнализациял ва цIа ккеялдаса цIуниялъулал алатал. Амма гьеб рахъалъ гьаризе хутIун руго цо-цо хIалтIаби. ЦIа ккеялдаса цIуниялъул рахъалъ инспекторас лъайкьеялъул учреждениязул нухмалъулезда цIалул сон байбихьилелде гьел хIалтIаби лъугIизареян лъазабун буго.

Гьединго цIикIкIараб кIвар кьолеб буго школазда терроризмалде данде чIеялъул хIалтIаби гьариялдеги. МелъелтIа, Игьали, ЧIиркъатIа, Килалъ гьоркьохъел школазда ва МелъелтIа школа-интернаталда лъун буго 49 камера. Гьел лъеялъеги харж гьабун буго 300 азарго гъурущ. ЦIияб цIалул соналда видеокамераби лъезе планалде босун буго Гьоркь Инхо, Гьадирихъ, ТIад Инхо школазда ва Игьали, ЧIиркъатIа, ЦIияб Аргъвани ясли-ахазда.

**- Хасалоялде хIадурлъиялъул халгьабунищ?**

- Гьабуна. 17 августалде лъайкьеялъул учреждениязде рехун буго 200 тонна тIорчол. Гьелдасан Игьали школалде 95, ЦIиликь, Ингишо, Аргъвани, Данухъ, Гьоркь Инхо, Гьадирихъ школазде анцIила щу-щу тонна.

**Накъит гьабуна ГIайшат Исламбиевалъ**

КО ДНЮ ЗНАНИЙ

# Образование и наука – основа цивилизации

## 1 сентября - всенародный праздник

**Дорогие учащиеся, учителя, родители! 1 сентября - это поистине всенародный праздник и долгожданная встреча с друзьями, учителями и учениками, а также новый этап для учителей в важной работе, от которой зависит будущее каждого гражданина, нашего района, республики, страны в целом. Ведь в современном мире только образованные и активные люди добиваются успехов и признания. Нет ни одной сферы жизни, где не были бы востребованы глубокие профессиональные знания. Поздравляю педагогов, учеников и их родителей с этим замечательным праздником - Днем знаний! Желаю удачи, терпения, радости и много интересных событий, новых друзей и удивительных открытий в новом учебном году!**

До начала празднования «Дня знаний» и посвященных к этому дню мероприятий остались считанные дни. Во всех школах района запланированы и будут проведены мероприятия, посвященные к началу нового 2016-2017 учебного года.

Для обеспечения общественного порядка и общественной безопасности на объектах образовательной сферы задействованы сотрудники ОМВД России по Гумбетовскому району. Издан приказ начальника ОМВД и утвержден состав временного оперативного штаба и рабочей группы.

Службой УУП и ПДН проверены все школы, расположенные на обслуживаемом территории, на предмет технической укрепленности, антитеррористической и пожарной безопасности, по которым даны предписания на устранение выявленных недостатков, также составлены списки учителей, технических работников и других рабочих, производивших ремонтные работы и проверены все по оперативно-справочным учетам.

С территории школ убран автотранспорт и даны указания дирекциям школ о недопущении нахождения на территории школ автотранспорта и другой техники.

Во всех населенных пунктах силами УУП и ПДН, УР проведен подворный обход близлежащих к школам домовладений и учреждений, на предмет обнаружения незнакомых лиц, незаконно проживающих и вновь прибывших граждан, а также в целях получения упреждающей оперативной информации, о лицах имеющих намерения совершать противоправные действия, в том числе экстремистской направленности. Доверенные лица нацелены на получение информации о появлении возле образовательных учреждений подозрительных лиц и завозе ими подозрительных предметов.

На КЗП «Чирката» и «Тлярата» усилен смотровой режим в целях недопущения провоза оружия и взрывчатых веществ и взрывных устройств.

С лицами, состоящими на профилактическом учете в ОМВД проведена беседа с посещением на дому, а также проверка детей школьного возраста к началу нового учебного года.

**Стоить обратить внимание!**

**Терроризм может ворваться в каждый дом, принести неисчислимые страдания в каждую семью, выбрать себе в жертву каждого. Только сообща мы сможем бороться с ним и победить:**

- в случае обнаружения бесхозных вещей и предметов, вызывающих подозрение, не прикасайтесь к ним, воздержитесь от использования мобильных телефонов вблизи данного предмета. Сообщите о находке в дежурную часть;
- не приближайтесь к подозрительным предметам, которые могут оказаться взрывными устройствами, и не предпринимайте никаких действий с ними - это может привести к их взрыву, многочисленным жертвам и разрушениям;
- террористы скрывают взрывные устройства под видом обычных бытовых предметов: сумок, пакетов, свертков, коробок, игрушек и т.п.;
- в случае обнаружения незнакомых и подозрительных лиц около подвалов, подсобных помещений, складов, сдаваемых или снимаемых квартир, уведомляйте об этом правоохранительные органы.

Если вы располагаете информацией о планируемых терактах, наличии у граждан взрывчатых веществ, оружия и других запрещенных предметов, просим незамедлительно сообщить в дежурную часть.

Запомните: Ваша информация может спасти жизни ваших родных и близких, соседей, друзей, знакомых.

Каждое ваше сообщение будет незамедлительно и тщательно проверено. ОМВД России по Гумбетовскому району гарантирует каждому сообщившему о подозрительных фактах, полную анонимность и конфиденциальность.

Телефоны «горячей линии» ОМВД РФ по Гумбетовскому району:

**Дежурная часть-(8 928-958-08-71) 26-204**

**Расул Лабазанов,**
**и. о. начальника ОМВД России по Гумбетовскому району,**
**майор полиции**

ЦIУНЕ НИЖ ЦIАЯЛДАСА...

# Оц бикъилалде тIамизин къоно...

## Гумбет районалъул больницаялда - цIа свинабулезул ругьунлъаби

**Гумбет районалъул МелъелтIа росулъ бугеб № 45 цIа свинабиялъул идараялъ районалъул централияб больницаялда тIоритIана цIа ккеялдаса цIуниялъулгун тактическиял ругьунлъаби. «Ругьунлъиялъулал тадбирал тIоритIулаго, халгьабуна районалъул больницаялда цIа ккеялдаса цIуниялъул, нагагь ккани кколелъубе хехго лъазабиялъул къагIидаби кин гIуцIун ругоян», - ян абуна цIа свинабиялъул № 45 идараялъул нухмалъулев МухтарахIмад АхIмадовас.**



Гьебго идараялъул хIалтIухъан **МухIамадкамил Нажуевас** абуна районалъул больницаялъул хIалтIухъабазулгун цIа ккеялдаса цIуниялъул тадбиразул хIакъалъулъ гарачIвари, бичIчIикьеялъул хIалтIи гьабунилан, нагагь хIажат кколеб бугони, минаялъул тIасиял тIалаязде рахине гIадамазда бажарулеб бугищан, лъим цIунулеб бакIалдасан тIасиял тIалаязде гьеб бахунищан халгьабунин.

**«Гумбет» РИО**

ЗУЛАЙХАТИЛ ГIАКАГИ ГIАЛИГЪАЛБАЦIИЛ ОЦГИ

# Унтабазда данде - КIудияб ВатIанияб рагъ

## Гумбет районалъул ветеринарияhл хIалтIухъаби роолил мучIдузда

**Гумбет районалъул ветеринарияб управлениялъул хIалтIухъабаз, роолил мучIдузде ун, сах гьариялъул тадбирал тIоритIана гIадамал бетIергьанаб ва «Мехельтинский» СПКялъул гIи-боцIуе.**

Ветеринарияhл хIалтIухъабаз дару гьабуна батIи-батIиял унтабазде данде чIегIербоцIуе ва чахъабазе. Жанире гьезе чали гьечIел бакIазда захIматал шартIазда хIалтIана гьел. Ветеринарияhл хIалтIухъаби **ГIали ГIалиевас, Сахратула Булатхановас, Аслудин Насрудиновас, МухIамад ДарбишхIажиевас, Расул ГIабдулмаликовас, ГIабас Пирбудагъовас** роолил мучIдузда бугеб гIи-боцIуе уколал гьари гуребги, гьезул халгьабиги тIобитIана. Гьаруна гIадамазда гьоркьор гара-чIварияhл инсанасеги боцIуеги гIаммал рахунел унтабаздаса (сибиралъул язва, бруцеллез, тIурул унти ва цогидалги) цIуниялъе гьаризе кколел тадбиразда тIасан.



Роолил мучIдузда гIи-боцIуе дараби гьарулаго, ветеринарияhл хIалтIухъабазе кумек гьабуна росабазул поселениязул бутIруз.

**«Гумбет» РИО**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1264
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.